

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 68
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi-
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°773 15 Myandagaro 2022

Umunsi mukuru w'indagano mu muryango w'ababikira b' Umushaha Utatyoye wa Bikira Maria (Bene Mariya)



Ku musi wa gatandatu igenekerezo rya 30 Mukakaro 2022, Umuryango w'Ababikira b'Umushaha Utatyoye wa Bikira Mariya ari bo Bene Mariya wari uramukanye Indagano z'ukwihebera Imana muri Paruwase Busiga.

Inkuka y'Imisa yari irongowe n'Umwungere wa Diyoseze ya Ngozi, Nyenicubahiro Musenyeri Georges Bizimana,

Soma ku Rup. 4

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

* A. Noël NTIRANDEKURA

Abamenyeshamakuru:

* A. Noël NTIRANDEKURA

* Mélance NDAYIKEZE

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Uwujejwe ubuhinga:

* Chanel HARINGANJI

Umunyamabanga:

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Umunyabigega:

* MSV Anatolie NIYIMPAYE

Uwujejwe imigenderanire:

* J. de Dieu NDIKUMANA

Ubuzima bwa Nyakwigendera Nyenicubahiro Venasi Bacinoni yahoze arongoye Diyoseze Bururi



Nyenicubahiro Venasi BACINONI yahoze arongoye Diyosezi ya Bururi ni nde?

Yari mwene BARANKIGA Ruberuto na NTAHIRYA Antoniya.

Yavukiye ku musozi Kiririsi ku wa 20 Ruhuhuma mu mwaka wa 1940 muri Commune Rutovu, Province Bururi. Ico gihe yari ikiri muri Paruwasi Makebuko ikukira Vicariat Apostolique ya Gittega.

Soma ku Rup. 4

Ibirimwo

- o Umuryango wa Bene Tereziya waraye usubiye gusamiriza impundu iturutse ku ndagano za Yubile... 5
- o Impundu mu muryango w'Incoreke za Bikira Mariya.....6

- o BarAahiriwe abasuku shebuja azosanga bagiteramye bamwiteze.....7
- o Hahiriwe abitonda kuko bazotorana isi (Matayo 5,5).....9

Idominika ya 21, Umwaka C

Igisomwa ca mbere: Izaya: 66,18-21

Ivyo dusoma mu gitabu c'Umuhanuzi :

(Imana ni Umukama w'ibihugu vyose)

Ng'iri iriyazwe n'Umukama :

Nzokoranya abantu bava mu ntara zose bakavuga indimi zose ; bazoheza babone ubuninahazwa bwanje. Nzoshira ikimenyetso muri bo, kandi bamwe bamwe bo mu bavuye muri bo nzobarungika mu ntara za kure no mu mazinga ya kure nyene, aho baumva ivyo bayaga kuri jewe kandi aho batarambona ubuninahazwa bwanje. Izo ntumwa z'igihugu canje zizomenyeshya ubuninahazwa bwanje muri ivyo bihugu.

Maze muri izo ntara za kure bazogarukana benewanyu bose babere Umukama ishikanwa rizima, bazoza bagendera ku mafarasi, ku bitwazi, ku nderuzo no ku ngamiya, bashike ku musozi wanje mweranda, i Yeruzalemu, bamere nk'abana b'Israeli bahora bahereza amashikanwa mu nzavya zeranda mu ngoro y'Umukama. Mbere muri bo nyene, nzokwitwera abasaserdoti n'abaleviti.

Uko niko Umukama yagize.

Igisomwa ca kabiri : Abaheburayo 12, 5-7.11-13

Ivyo dusoma mw'ikete ryandikiwe Abaheburayo:

(Umusozi wa Siyoni ni ikibanza c'Imana nzima)

Neuti zanje:

Ntimwibagire za mpanuro Umukama yabahaye nkuko umuvyeyi ahanura abana biwe, ngo: mwananje, ntiwibagire igihano c'Umukama, kandi ntiwibebure niyagukebura; kuko uwo Umukama akunda ari we ahana, agakebura uwo wese abona ko ari umwana wiwe. Ayo murinda niyo ndero Imana ibaha. Imana ibafata nk'abana bayo.

None hari umwana atigera ahanwa na se? Niko, igihano cose, mu gihe duhanwa, ntikimeze nk'ikitunzezezeza, gituma mbere tubabara; ariko, hanyuma abo cacishije ubwenge, kiraheza kikabazanira amahoro n'ubutungane. Nuko rero, nimugorore amaboko n'amaguru aregarega; nimugororere inzira ibirenge vyanyu, kugira ngo uwucumbagira ntavunike, ariko abone gukira.

Inkuru nziza: Luka : 13,22- 30

Alleluya, Alleluya.

- *Umukama yavuze ati: "Jewe ndi Inzira, n'Ukuri, n'ubuzima, ntawujya kwa Data atancyeyeko."*

Alleluya.

Ivyo dusoma mu Inkuru Nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirijwe na Luka:

(Bazova mu buseruko no mu burengero, baze kwicara ku meza mu Bwami bw'Imana)

Mu kuja i Yeruzalemu, Yezu yaza araca mu bisagara no mu mihana, agenda arigisha. Sinzi uwumubajije ati : « Mukama, ubwo hazokira bakeyi gusa ? » Na we arababarira ati : « Nimwihate ngo mushobore kwinjirira mu muryango upfunganye ; ndababwiye ko benshi bazokwipfuzwa kwinjira ariko ntibabishobore.

Nyen'urugo niyamara kwinjira n'ukwugara, namwe mwagumye hanze, muzokwishinga kudodora ku muryango, mumubwire muti : 'Mukama, twugururire'. Nawe azobishura ati : 'sinzi iyo muturuka.' Namwe muzoca mwitanganiza muti : 'Twahora dusangira indya n'inzoga, kandi wahora wigishiriza ku nama iwacu.' Azobasubiza ati : 'Je ndababwiye, sinzi iyo muvuye ; mva iruhande mwe nkozi z'ikibi mwese.'

Aho niho hazoba amarira n'abaryanya imisaya, aho muzobonera Iburahimu na Izahaki na Yakobo n'abahanuzi bose mu bwami bw'Imana.

Nuko rero, hari abahora ari abanyuma bazoba abambere, n'abandi bahora ari abambere bazoba abanyuma. »

**SOMA NDONGOZI
ANDIKIRA NDONGOZI
KUNDISHA NDONGOZI
TERERA NDONGOZI**

Umunsi mukuru w'indagano mu muryango w'ababikira b' Umushaha Utatyoye wa Bikira Maria (Bene Maria)

(Bitangurira ku rup.1)

ari kumwe n'Intumwa ya Papa mu Burundi, Nye-n'Icubahiro Musenyeri Dieudonné DATONOU, hamwe n'uwahoze aro-ngoze iyo Diyoseze Nye-nicubahiro Musenyeri Stanislas Kaburungu, n'abasaserdoti batari ba-ke ba Diyoseze ya Ngo-zi n'abavuye ahandi.

Abihebeye Imana bari bitavye, urwo rubanza n'abakristu batari bake ba Paruwase Busiga n'imicungararo yaho, tuti-bagiye abavyeyi, incuti n'abagenzi b'ababikira n'abanovisi bari baramu-tse bashikiriza Indagano zabo.

Iciyumviro nyamukuru c'uwu musi cari : «**Nyina wa Yezu niho yara ari**» Yohani 2,1.

Mu ntango y'imisa, kw'i-zina ry'umuryango w'abakristu ba Diyoseze ya Ngozi, Nyenicubahiro Musenyeri Georges Bizimana yararamukije abari aho yongera araha ikaze ku buryo bwihariye Nye-nicubahiro Intumwa ya Papa mu Burundi ati:

«Kubona Intumwa ya Pa-pa iri hagati yacu vyere-kana ubucuti buri hagati ya Ekleziya y'i Ngozi na Ekleziya yo kw'isi yose irongowe na Nyen'Ubwe-randa Papa Francisco».

Yaramuciriye ku mayan-ghe aho Diyoseze ya Ngo-zi iherereye, ko yatan-guye mu 1949 irongowe na Nyenicubahiro Muse-nyeri Joseph Germain MARTIN.

Ari na we yatanguje U-muryango w'Ababikira

b'Umushaha Utartyoye wa Bikira Mariya ari bo BENEMARIYA mu 1956, akabaha ubutumwa bi-harije bwo gutsimbataza ukwemera mu ngo, ba-kaba bisunga Bikira Ma-riya Umuvyeyi atari gusa akarorero k'ukwemera n'ubugamburutsi kuri bo no kuri twese, ariko ka-ndi ari isoko ry'ivyamwa n'ivyiza vyose bikomoka ku bukandizi bwiwe.

Muri ako kanya ahereza ijamba Nyenicubahiro I-ntumwa ya Papa. Na we avuga ko afise akanya-muneza kenshi kubona yaje muri ivyo birori muri Paruwase ya Busiga, ara-mutsa kw'izina ry'Umuvyeyi wacu Papa Umwu-ngere wa Diyoseze ya Ngozi n'abahora ba yi-rongoye, ati : «Uyu musi mwaje kwimbura ivyo mwabivye...»

Aca aramutsa abaramu-kanye urubanza n'abari ngaho, n'abavyipfuye bata-hashitse, abipfuriza umusi mukuru mwiza. Inyuma y'ayo majambo, inkuka ya misa ibona rero gutan-gura.

Inyuma y'Inkuru nziza, Umushingantahe wa Di-yoseze, yaciye ahamagara abanovisi 12 bagira Inda-gano za mbere, n'ababi-kira bashikiriza indagano z'imyaka yaso.

Abagize indagano za mbere ni bo b'aba :

* Novice Desiderata Nizi-giyimana,
* Novice Espérance Carit-as Kwizera,
* Novice Evelyne Béatrice Niyonzima,
* Novice Elisabeth Nda-yengenge,

* Novice Josiane Ira-dukunda,

* Novice Spéciose Nda-yishimiye,

* Novice Christella Irako-ze,

* Novice Héduige Niyin-gabira,

* Novice Violette Na-bashengezi,

Novice Zaïna Anita Nshi-mirimana,

*Novice Alice Iraduku-nda,

*Novice Emelyne Ke-za-rugira.

Ababikira 3 bagize In-dagano z'imyaka yose, ni bo b'aba :

* Mama Helena Niyon-kuru,

* Mama Suavis Ndereyi-mana,

* Mama Jacqueline Bu-kuru.

Ahereza ku Babikira 5 bakengurukira Imana ku myaka 25 mw'ibanga, na bo ni aba :

* Mama Bernadeta Ma-debari,

* Mama Jeanne d'Arc Ntahombaye,

* Mama Yohana Mariya Manirambona,

* Mama Mariya Godeliva Nijimbere,

* Mama Clemensia Ni-yonsaba.

Buno nyene Umwunge-re aca aritsa Ijamabo ry'Imana, mu nsiguro yatanze yashimikiye ku Nkuru nziza ayerekeza cane cane ku baramuka-nye urubanza, ati:

«Ubugeni bw'i Kana ni ikimenyetso c'Isezerano rishasha ari bwo bugeni bw'Umwagazi. Ubu bu-ge ni aba babikira bagize

uyu musi busa na Yeruza-lemu nshasha yo mw'ijuru aho yari yitoye nk'umu-ge ni yitoye umunega wiwe (Ivyah.21,20).

Iryo nsezerano rishi-mikiye ku rukundo ari rwo bwirizwa nshingiro, rutegerezwa kurangwa n'ibikorwa, utwigoro, ibi-sabisho n'ayandi mashi-kanwa, kugira buzuzze amazi impange 3. Kugira ngo ayo mazi ahi-nduke umuvinyu, bisaba umu-hezagiro wa Yezu.

Isezerano rishasha kandi rirangwa n'ubumwe buri hagati y'Ubutatu Bwe-randa n'abantu. Mu-ri ubwo bumwe Bikira Ma-riya atwigisha kugambu-ruka, ati ico aza kubabwi-ra cose muragikore».

Insiguro irangiye, aba-gira indagano za mbere baciye baduga kw'Altari gushikiriza Imana Inda-gano zabo. Ab'Indagano burundu barakurikira, a-bagira Yubire na bo nye-ne barashikiriza Imana igisabisho cabo c'uguken-guruka. Muri ako kanya, Abene Mariya bose baca basamiriza ururirimbo rwa Inyansi Mweranda.

Hanyuma Inkuka y'imisa ica irabandanya, iheze urubanza rwaciye ruban-daniriza mu nyubakwa za Lycée Busiga, ari na ho havugiwe amajambo ajanywe n'uwu musi.

**Mama Gemma
Ndinziminsi**

**Mama Generoza
Nibogora**

Ubuzima bwa Nyakwigendera Nyenicubahiro Venasi Bacinoni yahoze arongoye Diyoseze Bururi

(Bitangurira ku rup.1)

Paruwasi Rutovu yatanguye uyo mwaka yavuka, aca arahabaturizwa aranahakomerezwa muri Mutima Mweranda.

Aho yagiye ari amashure

Yize amashure y'intango mu Rutovu kuva muri 1946 gushika 1952, ayisumbuye ayiga mw'Iseminari ntoya y'i Mugeru guhera 1952 gushika 1959, araronka urupapuro rw'umutsindo n'amanota menshi.

Yaciye ahitamwo kugamburukira Imana yamwakurira kuba umusaserdoti, aja gutangura Iseminari Nkuru i Burasira uyo mwaka nyene. Aho iyo Seminari yimukiye ikaja i Bujumbura muri 1963 barimukanye, araheza ayisozera muri 1965.

Aho yagiye ararangurira ubutumwa

Yatiwe uyo mwaka nyene mu busaserdoti na Nyenicubahiro Musenyeri Yosefu Martino Umwepiskopi wa mbere wa Bururi, kuri 20 Ndamukiza 1965 mu Rutovu.

Mu ngabirano nyinshi Imana yari yaramuhagije, iyo abarezi baherako bariko baramenyesha Umwepiskopi ivyiye yari iy'ubwenge, bongerako ko yoba umwigisha mwiza muri kazoza. Ngira nico catumye umwaka nyene yatirwa mu busaserdoti, Umwungere aca amurungika kunonosora ivyigwa umakaminuza.

Kuva muri 1965 gushika muri 1966, yamazwe umwaka muri Kaminuza y'uburundi, mu gisata c'indimi na kahise Philologie romane.

Kuva 1966 gushika muri 1971, yagiye i Roma; ahera k'ubumenyi bw'ivy'Imana Theologiyahanyuma anonganza ivyerekeye ivy'Ibitabu vyeranda «Bible» aronka urupapuro rw'umutsindo aca arataha.

Yashikiye kuri Paruwasi Katedrale i Bururi, kandi aca atangura kwigisha ivyigwa vy'Ubwuzure Bushasha mw'Iseminari Nkuru y'i Bujumbura.

Kuva 1972 gushika 1976 yigishije mw'Iseminari Nkuru aba i Bujumbura. Muri 1976 niho yasubira i Roma muri Kaminuza yitwa Gregoriana kugira igice kigira gatatu c'ivvyigwa vya kaminuza, anoganza ubumenyi bw'Ibitabu vyeranda, abihaza muri 1982, aho yatahana urupapapuro rw'umutsindo Doctorat.

Yashikiye kwigisha mw'Iseminari Nkuru i Bujumbura abifatanije n'ukuba umunyamabanga mukuru w'Inama y'Abepiskopi Katolika y'Uburundi.

Kuva muri 1985, igice ca Teologiya c'Iseminari Nkuru y'i Bujumbura cimukiye i Burasira, niwe yagenywe ngo agende kukiyobora gushika muri 1993 aho Iseminari Nkuru y'i Gitega yitirwe Yohani Paulo wa II yigisha Teologiya yatangura, agaca aja kuyibera umuyobozi wa mbere gu-

shika muri 1998.

Kuva uyo mwaka gushika mu mpera za 2001, yagiye kurangurira ubutumwa muri Paruwasi ya Rutana, agirako abandanya aja kwigisha mw'iseminari Nkuru y'i Gitega. Umwaka wa mbere yari icariho ca Patiri mukuru, imyaka ibiri ikwirikira naho, yari Patiri Mukuru.

Mu mpera z'umwaka wa 2001, yasubiye i Bujumbura, Inama y'Abepiskopi imugeneye kurongora ibiro vy'umugambi wo guhindura Igitabu ca Bibiliya mu kirundi. Yari kandi mu bagize umugwi usubiramwo Miseli, no mu rwego rw'inama mpanuzwajambo y'Ishirahamwe rya Bibiliya mu Burundi.

Kuri 25 Ruheshi 2007, niho Nyenubweranda Papa Benedigito wa XVI yamugena ngo abe Umwepiskopi agira gatatu wa Diyosezi ya Bururi, asubirira Nyenicubahiro Musenyeri Bernarudo Bududira yari yitavye Imana muri Munyonyo 2005. Aca yatirwa mw'iryo banga kuri 08 Nyakanga 2007.

Akwijije imyaka 75 y'amavuka, nk'uko amategeko abisaba, yarandikiye Papa amusaba gukukuruka ku mvo z'ubukuzi, Papa araheza ashima ko yoba arabandije kurongora iyo Diyosezi.

Yamwemereye gukukuruka kw'igenekerezo rya 15 Ruhuhuma 2020, amenyesheje uwumusu-

birira ariwe Nyenicubahiro Musenyeri Salvatori NICITERETSE. Agarutse ava mu gihugu c'Ubutaliyano iyo yari ari, yaciye aja ku Kiryama mu nyubakwa Diyosezi yari yamuteguriye ngo aruhukiremwo.

Amaze kugwara yari-pimishije ku baganga babinonosoye b'ino i Burundi, Diyosezi iranatondeka kuja kumuvuza mu gihugu co hanze. Ariko ntirusezerana, hakiriko haregeranywa impapuro z'ukumujana, yaciye yitaba Imana kuri 23 Mukakaro 2022.

Yashengeye amaze imyaka 82 y'amavuka, 57 y'Ubusaserdoti, na 15 y'Ubwepiskopi.

Ico tuzokwama tumwibukirako

Yarangwa n'umutima w'ubuvyeyi, ubwenge, ubumenyi n'ubwitonzi Imana yari yamuhaye.

Imana yari yaramugabiye umutima w'ukwicisha bugufi watekanya abamwituye, urukundo yari afitiye Ekleziya rwamutuma ayikorera atiziganya.

Turamuragije Imana yari yamuduhaye, nagende amahoro asabire Igihugu c'Uburundi n'Ekleziya yakunze, vyuzure Imana, bigire amahoro mazima. Tuzokwama tumwibukana urukundo rwa Kristu yatwigishije.

Patiri Léon SIRABAHENDA, Umunyamabanga wa Diyosezi ya Bururi

Umuryango wa Bene Tereziya waraye usubiye gusamiriza impundu iturutse ku ndagano za Yubile

Ku musi wa gatandatu igenekerezo rya 7 Myandagaro 2022, umuryango w'ababikira Bene Tereziya warateye impundu Imana kubw'abawo bayiyegurira mu ndagano za mbere n'iza burundu, abandi bagahimbaza yubile y'imyaka mironko ibiri n'itanu. Waboneyeho n'uguhimbaza yubile y'imyaka ijana musenyeri Ludoviko Yuliyano Gorju yatanguje uwo Muryango, amaze ashitse mu Burundi.

Inkuka y'imisa yabereyemwo imigirwa yahe-rerejwe ku Mushasha wa Gitega iyobowe n'Umwungere Mukuru wa Diyoseze nkuru ya Gitega, Musenyeri Bonaventura NAHIMANA. Yari akikijwe n'Intumwa ya Papa mu Burundi, Musenyeri Diyodone DATONU hamwe na Musenyeri Buraziyo NZEYIMANA, Umwungere wa Diyoseze ya Ruyigi.

Amazina y'abanovisi bagize bagize indagano za mbere ni aya :

Konsiliya NIYIBARUTA (Bugenyuzi ya Gitega); Severa NIYIBIZI na Folorida SIBOMANA (Gataraka ka Ngozi); Feboroniya NINAHAZA (Martyazo-Bururi) ; Kolodine HABONIMANA na Estela MPAWENAYO (Buhonga bwa Bujumbura); Diyane DUKUNDANE (Murago-Bururi); Konsolata MUSENGIMANA (Murehe-Ngozi) ; Mariya Goretu NSHIMIRIMANA (Bikinga vya Gitega); Konsiliya NDAYI-



SABA (Rutana) ; Nadine NSENGIYUMVA (Kayogoro ka Rutana) ; Sili-viya SABUSHIMIKE (Mushasha wa Gitega) ; Evanjelina NIYUKURI (Ndava ya Gitega) ; Odila NIYONSABA (Mpingaya ya Rutana); Emeline NIMBONA (Kivoga ca Rutana) na Diyana NSHIMIRIMANA (...).

Amazina y'ababikira biyegurira Imana mu ndagano z'imyaka yose ni aya :

LaurensiyaToyi (Cendajajuru ca Ruyigi); Viyoleta HAKIZIMANA (Ngozi); Emanuelina HATUNGIMANA (Mubimbi-Bujumbura) ; Jakelina NTAKARUTIMANA (Kirimbi ca Gitega) ; Beyatirisa NTAKIRUTIMANA (Mparamirundi ya Ngozi) ; Shantale NTAKIRUTIMANA (Munanira wa Bujumbura) ; Joselina NIYOMUKUNZI na Mediyatirisi MUSANGANIRE bo ku Murago wa Bururi; Beliza MPAWENAYO (Mushasha wa Gitega) na Mediyatirisi MANIRAMBONA wo mw'i Shombo rya Gitega.

Muri uwo murwi Umukuru w'Umuryango mama Yozefina TOYI yarahamagayemwo na mama

Anonsiyata NKURUNZIZA mugabo wewe azogirira izo ndagano mu Butaliyano iyo ari mu butumwa.

Mu nsiguro yatanze, musenyeri Bonaventura NAHIMANA yashimikiye kw'ijambo ry'Inkuru nziza, akarangamutima n'akarangabutumwa k'Umuryango wa Bene Tereziya bishimikiyeko :

« *Mudahindutse ngo mube nk'abana batoyi, ntimuzokwinjira mu Bwami bw'ijuru* » (Matayo18,3).

Ni ho yafatiye abatumi-rira kwishushanya na Yezu Kristu ; kwamana umwitwarariko wo kurondera ubweranda bicishije bugufi nka Yezu Kristu, bari mu makan-da y'umuvunyi wabo Tereza w'Umwana Yezu wo mu Maso heranda.

Imana izoheza igume ibabera Serukundo, Kigongwe ; na bo nyene mu butumwa bwabo aho bazoba bari hose babe ibimenyetso vy'urwo rukundo n'ico kigongwe.

Yarafashe n'umwanya utari muto akatsura indagano z'ubwerentegeterwa, ubworo n'ubugamburutsi mu ntumbero y'ugufasha abo Bene Te-

reza, mbere n'ishengero ryari aho gutegera ko uwuziraganiye Imana ayitura urukundo rwiwe rwose kugira ngo abe ikimenyetso c'Ubwami bwayo.

Yemera kwimatura kuvy'isi kugira ngo yigane Kristu, We naho yari Imana yigize umuntu nkatwe, akemera gupfa urupfu rubi rwo ku musaraba.

Ubworo nabwo bugafasha kwimatura kuvy'isi ngo uwuburaganye yame aharanira na ntaryo ubutungane bw'Imana bwerekeza ku gusangira vyose na benewabo.

Mu majambo y'indagano, umwe umwe yemera kubana mu rukundo kivukanyi n'abo basangiye umubano ; bakemera kuba abatumwa b'Inkuru nziza ya Yezu Kristu, bashingira intahe urukundo kigongwe aho bazoba bari hose mu butumwa bw'Ekleziya, bigura abandi, bari mu mutamana wa Yezu na Bikira Mariya nkuko Tereziya w'Umwana Yezu yabibahayeko akarorero.

Inyuma y'Inkukay'imisa, Umukuru w'Umuryango yarakiriye abashitsi mu gatutu, arabazimana, arabashikiriza ijambo ririmwo ukwakira icese abashasha n'ugukeza ababikira bose bari baramukanye amateka n'abavyeyi babibarutse.

Impundu mu muryango w'Incoreke za Bikira Mariya.

Ku wa 7 Myandagaro 2022, ku Mushasha muri Diyoseze nkuru ya Gitega, umuryango w'Incoreke za Bikira Mariya wari uramukanye urubanza rw'indagano zo kwiheberimana mu ndagano za mbere, iz'imyaka yose hamwe n'abahimbaza yubire y'imyaka 25 na 50 bari muri iryo banga.

Bari baramutse kandi bigina imyaka 75 iheze umweranda Ludoviko Mariya w'i Montfort ashizwe mu beranda na Papa Piyo wa 12 ku wa 20 Mukakaro 1947.

Inkuka y'imisa y'urwo rubanza yahererejwe mwisengerero nkuru ya Diyoseze nkuru ya Gitega na musenyeri Bonaventura NAHIMANA arikumwe na musenyeri Salvator NICITERETSE arongoye diyoseze ya Bururi hamwe n'abandi basaserdoti batari bake.

Mu nsiguro y'Ijambo ry'Imana, Nyenicubahiro Musenyeri Bonaventure Nahimana Umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega yashimikiye ubwa mbere kw'ijambo Yezu yashikirije abatumwa biwe aho avuga ati: «Ni mukenyere zigume». Nawe araryerekeza kuri abo bari baramukanye indagano ati: «Kuzikenyerera zikaguma».

- Ni ukwirinda ico cose cobatangira mu nzira murimwo ngo mutambuke mushingura, mwara ngo urugendo rwanyu rubashikane iyo muja.

- Ni ukwirinda ico cose cogufatira canke gisho-



bora kugutangira mu nzira, mbere kikanakuzitira, kigashobora kukubuzza kurangura neza igikorwa wishinze. Muzazi ko muri iyi nzira ibifashi ni vyinshi kandi bishobora gufata ku muntu. Ni ukumenya kuvyimatura.

- Ni ukwirinda kubangikanya, gukenyerera kuzindi ngo zigerekerane kuko zohava zikubuzza kubanguka mu rugendo urimwo, kandi uhagariwe kugenda uremurutswe, wirinda ivyo vyose vyogusamaza canke wokwiremereza bikakubuzza gutambuka muri iyo nzira yo kunywa na Yezu bimwe bishitse muri Mariya.

- Ni ukuba maso, kurikanura kuko umwansi shetani ataruhuka. Mwirinde ko yobaca muryahumye. Mwirinde ivyo vyose vyoshobora kuba sinziriza mukagenda mutabona neza iyo muja mugahusha naya nzira y'ubweranda Imana yabahamagarira.

- Ni ukumviriza ijambo ry'Imana mugatako mukarizigama mu mumuzirikanyi wanyu kuko

ijambo ry'Imana niryo muco umurikira ibirenge vyanyu, uboneshereza umutima wanyu. Ijambo ry'Imana niryo rigufoborera ijambo ryayo gurtyo ukagendera mu nzira Umukama yaguciriye kugirango ushobore kumukorera neza ata ntambamyi ziguciramwo.

- Ni ukuguma muca nyere amatara yanyu ngo urubeya rwayo rugume rwaka, rubaboneshereza. Umukama Yezu ashaka ko umuco w'ukwemera woguma ubaboneshereza.

Ubwa kabiri yashimikiye ku ndagano zo kwihebera Imana ati: «*indagano zisaba:*

1. Ubwerentegerwa

- Kwiheba mu kwitanga mu rukundo rwuzuye kandi rutagabanuka muraganira Yezu Kristu we yabakunze ubwa mbere, akabahamagara ngo mumukurikire. Yezu we yadukunze agaherezako mu kudupfira ku musalaba. Muri Yezu Kristu niho tuvoma urukundo tugaburira benewacu. Urukundo rudatoranya ariko rwiheba rukitangira umuntu wese mu kumubona nk'umuvukanyi wawe.

2. Ubugamburutsi

- Kwiheba mu kwemera kuva kw'ishaka ryanyu ngo mugamburukire ishaka ry'Imana muri vyose na hose, mwigana Yezu Kristu ataje gukora ishaka ryiwe yaje gukora ishaka rya Data ryamushikanye mu ru-

pfu kandi urupfu rwo ku musalaba.

3. Ubworo

- Kwiheba mu kwimatura ku vy'isi mu kwigana Yezu Kristu we yari atunze vyose. Yari Imana ariko ntiyigugane iteka ryo kungana na Mana yigira mworo aza muri kamere yacu ngo adutungishe kamere yiwe ngo tubone gushikira rya tunga ridatituka, rya tunga ridaherana n'isi.

Yabandanije abamenyeshako bazigamye izo ndagano amatara yabo azoguma yaka, urubeya rwayo rukaboneshereza abo babana, abo bahura nabo bakorana ubutumwa. Babonye uwo muco bahere aho baninahaze Imana mushobora vyose.

Iryo tara rizogumana umuco mu gihe rizogumana amavuta. Ayo mavuta akaba yayagereraniye no gukomera mu kwemera, kwihatira ku gisabisho ca buri mwanya, kugira umwete mu bikorwa hamwe no kugendera ingeso nziza z'ukwizigira n'urukundo; urwo rukundo rukaza ruheta zose.

Tubamenyeshe ko abari baramukanye urubanza bari 12 bagize indagano za mbere, 5 bagize indagano z'imyaka yose, 2 bakenguruka imyaka 25 na 3 bakenguruka imyaka 50.

**MSV M.Goreth
NDKUMANA**

BarAahiriwe abasuku shebuja azosanga bagiteramyeye bamwiteze

« Umuteramyi wa neza, arasemerera, akararira kandi akaguma ari maso gushika umusi shebuja yagarutse »

Ng'ayo amwe mu majambo yabwiye Diyakoni Thierry Manirambona, yari aramutse yatirwa mw'ibanga ry'ubusaseredoti ku wa 7 Myandagaro 2022 ku gasengeru ka Mutima Mweranda mu Gihosha.

Kuri uyo musu, umuryango w'abapatiri b'abagendanyi ba Yezu (Les Pères Jésuites) bari baramukanye akanyamuneza kenshi ko gusanganira ingabirano y'Ubuseredoti ya Diyakoni Thierry Manirambona bongera bigina isabukuru y'imyaka 25 ya Patiri Fidèle Ingiyimbere.

Ibirori vy'iyatira mw'ibanga ry'Ubuseredoti vyabereye mu nkuka y'imisa yari irongowe na Nyenicubahiro Umwungere Mukuru wa Diyoseze nkuru ya Bujumbura, Musenyeri Gerevazi Banshimiyubusa.

Yishimikije Ijambo ry'Imana ry'idominika ya 19 yo mu mwaka C w'amasabamana y'Ekleziya Katolika, Umwungere wa Diyoseze nkuru ya Bujumbura ati : « Kuba umuteramyi bidusaba gutahura ko ubuzima turimwo ng'aha kw'isi atari bwo gusa tuzorangizamwo. Imana yaturemye kugira ngo tuzoje mw'ijuru. Aha kw'isi rero turi mu rugendo. Duhamagariwe rero kurindira

uwo musu dutunganya neza ivyo twashinzwe ngaha kw'isi. »

Nk'uko uwo Musenyeri abandanya abivuga, ngo iryo jambo riduhamagarira kwama twirimbura, tureke kurindira uwo musu mukwishinga ku-



rya n'ukunywa no kuborerwa.»

Yerekeje kwa Diyakoni Thierry yagomba yatirwe mw'ibanga ry'ubuseredoti, Umwepiskopi ati: « Iryo jambo ry'Imana ry'uno musu worryumva nk'ubutumwa budasanze kuri wewe, aho Imana ikuvuniye akagohe yuko utabaho nk'uwutaziko afise Umuremyi. »

Umwungere yamusavye kwama asemerera, yibutsa abantu ko bitebe bitebuke uwo Muremyi azoza kutubaza ingene twatunganije ivyo yadushinze.

Yamusavye kandi kwegera abamaze guta inzira, basigaye baraba ubuzima bw'abandi nk'ubusa, mbere bakabuburizamwo canke bakabumugaza.

Patiri Thierry Manirambona ni nde ?

ryango ntibatevye kumuha ubutumwa. Uwo musaseredoti mushasha niwe agiye gushingwa agasengeru kitiriwe Mutima Mweranda nka Patiri Mukuru w'ako gasengeru, yongera ashingwa kuyobora ishure ryisumbuye ryitiriwe Mutima Mweranda ryo mu gihosha.

Kuri ubwo butumwa bwose, ngo uwo musaseredoti yabwakiriye nk'ubutumwa budasanze, ata bwoba afise kuko yizigiye Umukama abumuhamagariyemwo. Vyongeye, ngo mu vyigwa vyiyere yararonse ivya nkenerwa vyose vyotuma aba kirumara muri ubwo butumwa.

Mu butumwa bwo kurongora ishure ryisumbuye rya Mutima mweranda, Patiri Thierry Manirambona asubiriye Patiri Felix Barutwanayo wo muri uwo muryango w'abapatiri b'Abagendanyi ba Yezu.

Kubwa Patiri Félix, ngo n'akanyamuneza ntangere kubona ashoboye kurangiza neza ubutumwa yari yashinzwe bwo kurongora iryo shure no guserukira Umuryango w'aba Jesuites ngaha mu Burundi.

Patiri Felix ngo abikengurukira Imana hamwe n'abo bese bama bariko baritanga ngo ishure itere imbere gusumba. Ashimira abo banyeshure kuko bitanga kandi bakerekana indero nziza uko bashoboye.

Abarongoye uwo mu-

Mélance Ndayikeze

Duture igihugu cacu amaboko, umutima n'ubuzima, Uburundi bugire iteka (*ibikurikira*)

Mu guhimbaza isabukuru y'ihabuzwa y'intahe y'ukwikukira, twogaruka kw'ikete Umuganwa Rudoviko yandikiye Rezida w'Uburundi kw'igenekerezo rya 29 Mukakaro 1960, yerekana amahinyu mu bijanye na poritike ku ntwaro y'abakoloni, yagize ati: «Turahakanye kwerekwa aho duca tutari impumyi; twipfuzaga gufashanya tudahendana, twubahana ku rugero rungana.

Mugabo, ntibigasubire kuba na rimwe ko dutafatwa nk'umwana agamburukira Se ku gitsurere». Aha rero, tworaba ko uno musu, ivyacu tubitunganiye neza, ko tutakizera inze, ko twigaba tukigaburira.

Imyaka mirongo itandatu tumaze twitunganiriza ivyacu, yerekana ko dukuze, tutagikeneye uwudufata akaboko, ubu dukeneye abo tujana mu nzira y'iterambere.

Abarundi rero tubasaba gukunda ibikorwa kuko ari vyo biha icubahiro n'iteka umuntu mu kibano, mu gihugu no mu makungu. Igihugu cacu tugiheshe iteka mu vyo dukora aho turi hose imbere y'abanyamahanga.

Imbere yo gusozera, twagomba tubavunire akagohye ku vyo twokwitwararika mu gutsimbataza intahe y'ukwikukira:

Imbere ya vyose, hari igisumba ikindi : amahoro n'umutekano.

Mu gihugu kirimwo umudugararo, twarabibonye, abanyamahanga ni bo biha ijamba. Aha rero twame tuhagabiye.

Ubwa kabiri, twame tuzirikana iri jambo: Turi kumwe twese birashoboka. Mu gihe tuzobaturu mu bumwe, tugakora dusenyera ku mugenzi umwe, nta nkeka ko tuzoshika kw'iterambere rirama kandi ribereye. Dukorere hamwe twese kuko tubiri tuvurana ubupfu. Uwateye intambwe na we aze aribuka gufata ukuboko mugenziwe, amwunguruze.

Ubwa gatatu, twamize ku muzirikanyi ko atawuvuka rimwe ngo yuzure ingovyi, tuve mu myidodombo, dushime aho tugeze hanyuma twigire inama yo gutera iyindi ntambwe.

Kenshi dusamazwa n'abateye imbere kuva kera turi mu ndyane hanyuma tugaca twiheburira. Ni co gituma benshi baja mu bigeragezo vyo gutunga vuba kandi batarushe bigatuma baja mu nabi. Izo zibika zari amagi, natwe tuzohashika, turapfa gusa kwihangana ntidusubire mu ndyane.

Ubwa kane, ni uko twomenya ko igihugu kitagira akaranga kibagisa n'icapfuye. Dukore ibikorwa vy'iterambere dushingiye ku karanga kacu. Ivyo tubibwira ahanini urwaruka kuko ruhanganye n'ubuhin-

ga bw'iki gihe butuma umuntu yiyibagira iyo ariko araja, ngo yabonye ibiryoharajisho. Dusavye rero abavyeyi kugarukira indero y'urwaruka, bagaruke kuri ya ndero yo ku ziko, bereke abana umwonga uhuma n'udahuma, babarinde kujana nyabahururu, maze twisunge imico n'akaranga vyacu mw'iterambere.

Mu gusozera nagomba ndabibutse ko Imana yaduhaye igihugu ciza c'Uburundi, iduha kwitwa Abarundi, tubinezererewe rero kandi tubigendere, tumenye ko turi ba Samuragwa baco kandi ko natwe tuzokiraga abacu.

Indyane zazingamitse igihugu cacu ni kimwe mu bituma hari Abarundi bakimaramara, bagatinya no kwemanga no gukorera igihugu cabo kuko casa n'igicibwa.

Ubu ibintu vyarahindutse neza kandi cane, ari co gituma dutegerezwa kwirata, tukarata ishusho rishasha ry'igihugu cacu mu kukiyaga neza aho turi hose.

Nidutsimbataze intahe yacu y'ukwikukira, umwe wese akore yiteze imbere, azoba ariko ateza imbere igihugu.

Twame tugendera ubuntu, ubutwari n'ubumwe vyamye biranga Abarundi. Indongozi zose zigenze nk'abavyeyi imbere y'abo zirongoye, zirinde akarenganyo no gukora

ivyoyose vyotuntuzamutima abenegihugu zijejwe.

Twame twibuka ijamba Ludoviko Rwagasore yashikirije igihe yariko atanguza "koperative kavukire yo gusumiramwo COPICO (Cooperative Indigène de Consommation), bitewe n'uko ibiciro vy'ibifungurwa vyaguma biduga kumbure kubera abitambika hagati y'umugwizatunga n'u-musumyi.

Yavuze ati: "Ico mutokekeranya, ni uko mu gihe amashirahamwe y'amakoperative atunganiye neza, agafashwa kandi agahimirizwa, igihugu cacu cotera imbere mu mpande zose mu butunzi, ku buryo nyabwo kandi burama".

Ese indongozi aho ziri hose, haba mu mashirahamwe y'abenegihugu canke mu bisata vy'inze-go z'igihugu bovyumva uko; ibindi vyose vyoza vyogerako.

Ni kuri ako kamo ndangirijeko, nsubira kwipfuriza Abarundi bose, ababa mu Burundi n'ababa mu mahanga umusi mukuru mwiza.

Muwuhimbaze muzirikana kandi mushira mu ngiro iki civugo kivugako ngo: « Duture igihugu cacu amaboko, umutima n'ubuzima, Uburundi bugire iteka ».

Hahiriwe abitonda kuko bazotorana isi (Matayo 5,5)



Ninde atabona ko iri jambo ry'Umukama wacu Yezu Kristu yabaye impuzu yambitse umusavyi wayo, umuhisi nyakwigendera, Musenyeri Venansi Bacinoni?

Nashaka kumuyagira abaja gusoma aya majambo bamwe baramuzi, abandi ntibamuzi bahora ba-mwumva, abandi bamubona arengana gusa.

Jewe ndahimbarwa cane no kumuyaga sinzi igituma ariko numva ntoreka kumuyaga Yezu yaramwambitse umutamana w'ubuhirwe nkuko tubwi-gishwa na Matayo mweranda, umwanditsi w'inkuru nziza.

Nshingira intahe uyo musavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni kugira Ekleziya y'i Burundi yi-yumve ko muri bato harimwo abasavyi b'Imana bagendera Inkuru nziza ya Yezu Kristu.

«Hahiriwe abitonda, kuko bazotorana isi» (Mt 5, 5).

▲Uyu niwo mutwe ntoye w'iyi ntahe kuko umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni uwumubonye wese yaca abona ubwa mbere ko ari

umuntu yitonda yuzuye amahoro. Ariko ntiyari muri ba Sinkomakatsi, yitonda nkuku nyene Yezu avyigisha.

Yezu mu kuvuga ati: «Hahiriwe abitonda», ntiyashaka kuvuga abatekereza cane vyonyene, kuko ivyoye vyo ni benshi bosanga bahiriwe; yashakakwe n'ukuvugaga cane cane abadatwaza umukazo mukurondera gushikira ivyoye bipfuza.

Murabona abashaka gutwara ibihugu, canke abarondera amaronko, bakoresha u-mukazo, amayeri canke inguvu, bagashika kuvyoye bipfuza.

Ariko ubwami bw'ijuru ntawubushikira akoresheje umuheto, amayeri canke inguvu zindi z'abisi, ubwami b'Imana bushikira abitonda nka Yezu nyene: «Jewe ndi umwitonzi kandi nkicisha bugufi» (Mt 11, 29).

Umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni rero yari umuntu yitonda bimwe vyo mu Nkuru nziza. Mu butumwa bwiwe yamye ajejwe kurongora abandi gushika aterwe iteka ryo kuba umwepiskopi.

Muri ubwo butumwa bwose yaburanyuranye ukwitonda, ubukuru bwawe bwari ubwo gutunganyiriza mu rukundo abo ashinzwe atabariye umutima canke ngo abereke ko ariwe aganza. Imana nihezagirwe yamuhaye umutima wo kwitonda.

Ntaco dufise tutahawe n'Imana ariko benshi barayimanuza. Umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni ntiyayimanuje yakoranye igihe cose ubwitonzi gushika aberwe n'akazina k'amatazirano yahawe nabo yarongora: Sirac le Sage, umwanditsi w'igitabu c'ubwitonzi.

«Hahiriwe abari n'umutima ushima ubworo, kuko ubwami bw'ijuru ari ubwabo» (Mt 5, 3).

▲Burya ingabirano nziya ikomera kuko ishigikiye n'izindi. Umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni n'ubwo buhirwe bw'abadahamira amatungo canke amafaranga yarabugendeje.

Abepiskopi biragoye kumenya ko batunze nuko bakenye kuko vyose Diocèse irabibatunganyiriza. Yamara burya hari ababakenye, mur'abo harimwo Umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni.

Yari umuntu yicisha bugufi aganyiriza abapatiri nkeka nabandi batamutinye. Umuntu arashobora kuba mukene ariko afise umunoho k'uburyo umushize aho ibintu biri acatangura kubiringaniza nogutanga amategoko y'ingene ababijewe batagerezwa gukora, kandi agaheza ntiyiyibagire.

Umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni abomushingira intahe nabo vyakoranye nk'abanyabigega mw'iseminari

nkuru canke muri Diocèse Bururi. Sindabitebako kuko nibo bomushingira intahe mur'ico kigabane.

Jewe ngomba gushingira intahe uyo «mutima ushima ubworo» wamye umuranga akama yizigiye abo ashinze kumufasha gutunganyiriza Iseminari canke Diocèse ariko atirondera gushikira aho igitoro cashobora kumukamana ku nzira kuko yanse kuguma yitwararitse gusaba amafaranga y'igitoro kumbure kuko abona hariho ibindi vyihutirwa.

Ivyoye vyose ntivyamubuza kugumana amahoro no gutekana, kuburyo mbere n'abari bajejwe kumutunganyiriza batamenya ko hari n'ivyamushikiye; kuko yari azi ko ivyisi ubibura uyu muni ejo ukabironka canke n'uwubifise uno muni ejo usanga abikenye.

Ntiyasimbwa n'umutima kubera ubukene kandi Imana yamye imuha ibimukwiye ku muni ku muni. Umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni n'imiduga yamye ayigendesha kuva kera ariko icotangaza n'uko n'igihe yari Musenyeri wa Diocèse yamye agendera mu miduga ya occasion, novuga nti bamukuriye, kubera wa mutima ushima ubworo, utuma umuntu mukuru aguma yiyumvira n'abandi bakorana ubutumwa, ntasesagure canke ngwasesaguze.

Biracaza

Patiri Gilbert NGENDAKURIYO

Uburenganzira bwo kuronswa inyigisho

Abantu bose barangana imbere y'amategeko kandi bategerezwa kubahirizwa co kimwe. Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kuronswa inyigisho mu mashure, yaba ay'intango, ayisumbuye n'aya kaminuza.

Kukaba nkako, bisanzwe bizwi ko ubumenyi bwo mw'ishure, aribwo soko ry'iterambere rirama. Ni co gituma uburenganzira bwo kuja mw'ishure butegerezwa kwubahirizwa kuri zina kiremwa muntu wese.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu atunganya uburenganzira bwo kuronswa inyigisho

Uburenganzira bwo kuronka inyigisho, tubusanga mu masezerano mpuzamakungu atandukanye.

Ingingo ya 26 y'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu ivuga ko, umuntu wese akwiye kuronka inyigisho ataco atanze, cane cane inyigisho z'intango. Inyigisho zerekeye ubuhinga n'inyuga zitegerezwa gukwizwa hose, inyigisho zo mu mashure yisumbuye zitegerezwa guhabwa ababishoboye bose, ata nkunzi.

Ihangiro y'inyigisho n'uko zina muntu ashikira iterambere nyakuri, akubahirizwa mu gateka kiwe. Zitegerezwa kandi gufasha gusasagaza umwumvikano mu makungu, mu madini, hamwe no kubungabunga amahoro kw'isi.

Abavyeyi nibo bategerezwa kwitorera indero abana bakwiye kuronka.

Ingingo ya 28 y'amasezerano mpuzamakungu yubahiriza agateka k'abana, ivuga ko ibihugu vyemeje ayo masezerano, biba vyemeye ko umwana wese ategerezwa kuja mw'ishure kugira ishira mu ngiro ry'agateka k'abana rigume ritera imbere ata n'umwe akumiriwe.

Ibihugu birashinga ko inyigisho zo mu mashure y'intango ziba itegeko kuri bose kandi ku buntu.

Ivyo bihugu biratera intege inyigisho z'amashure yisumbuye, yaba aya-sanzwe canke ay'inyuga, bikongera bikorohereza uwo wese ashaka kuyajamwo, kandi bigafata ingingo zorohereza abana mu kutarihisha inyigisho, no gutanga imfashanyo y'amafaranga mu gihe bikenewe.

Birategura inyigisho za kaminuza kuri bose mu gihe babishoboye.

Ingingo ya 29, ivuga ko inyigisho z'umwana zifise intumbero yo :

- kworohereza iterambere ry'umwana mu ngabirano n'ubushobozi vyawe.

-Kwigisha umwana gusonerana agateka ka zina muntu, n'ubwigenge vyawe.

- Kwigisha umwana gusonerana abavyeyi, akaranga kiwe, ururimi rwiwe, imigenzo n'imico kama,

kubaha imigenzo y'igihugu kimuhaye indaro, igihugu c'amavukiro hamwe n'imico itandukanye n'yiwe.

- Gutegura umwana kugira akurane umutima wo kuringaniza ivyerekeye ubuzima bwiwe mu mwidegemvyo n'umwumvikano n'abandi, mu mahoro, mu kwihanganiranira ata gukumirana, mu gukomeza ubugenzi hagati y'abantu badasangiye ubwoko, igihugu n'amadini.

- Kwigisha umwana gusonerana ibidukikije.

Mu ntumbero yo gutuma ibiharuro vy'abana biga vyisununura, amasezerano ya Afrika y'agateka no kubaho neza kw'abana avuga mu ngingo yayo ya 11 ko, inyigisho mu mashure y'intango zotangwa ku buntu, iza kaminuza nazo zigahabwa abana bose babishoboye kandi babifitiye ubumenyi bukwawe.

Iyo ngingo ibandanya ivuga ko ibihugu vyemeje aya masezerano, biha ububasha abavyeyi b'abana canke abari mu kibanza c'abavyeyi, bwo kwitorera bo nyene amashure bashiramwo abana babo bivanye n'uburyo bafise.

Ariko rero, ayo mashure ategerezwa kuba afise mu nteguro z'inyigisho atanga, inyigisho zituma umwana atera imbere mu bwenge, mu nyifato, mu migenzo, mu gukunda abandi hamwe no mu gukunda igihugu camwibarutse.

Ibihugu bishize umukono kuri ayo masezerano, biraha bikagenzura, bikaraba ko haba mu mashure canke mu mihana, abana bafatwa runtu kandi agateka kabo kubahirijwe bikwiye nkuko aya masezerano abitegeka.

Mu ntumbero yo kwirinda ikumirwa rifatiye ku gitsina mw'iyubahirizwa ry'uburenganzira bwo kuronswa inyigisho, aya masezerano araha uburenganzira abigeme bagize isanganya ryo gutwara imbanyu bata-raheza amashure, bwo kubandanya amashure inyuma yo kwibaruka. Aya masezerano aratomora neza ko bagaruka ku gushaka kwabo mu gihe bumva bagifise ububasha bwo kubandanya kwiga, nta gahato kajamwo.

Ku vyerekeye indero yo mw'ishure, ingingo z'ishirahamwe mpuzamakungu ONU zo gukingira abana bapfunzwe zivugako, umwana apfunzwe nawe nyene, ategerezwa kuronswa nk'abandi bana, inyigisho zo mw'ishure. Izo nyigisho zigatangirwa mu mashure yabigenewe kandi ari hanze y'ibohero, ndetse zigatangwa n'abantu babibononye iyo bishoboka.

Izo nyigisho umwana ashobora no kuzibandanya amaze gusohoka ibohero. Inyigisho zidasanzwe nazo zitegerezwa gutunganyirizwa abana batagiye kw'ishure, canke basanzwe bafise ingorane zituma badashobora kwiga nk'abandi.

Uburenganzira bwo kuronswa inyigisho

(Bitangurira ku rup.10)

Abarengeje imyaka ariko bipfuzwa kwiga, barabirurirwa kandi bagaterurwa intege kugira ngo babandanye.

Ku bijanye n'impapuro z'umutsindo zihabwa abana bari mw'ibohero, ize ngingo zivuga ko bibujijwe kwandikako ko uwurururonse yapfunzwe kuko ntaco rwoheza ngo rumumarire. Amashure yakira abo bana, ategerezwa kuba afise vya ngombwa bikwiye : ibikoresho, abigisha babinonosoye, amasomero kandi afise n'ibitabo bikwiye.

Mu nyigisho zose zitan-gwa, zitegerezwa kwisungu ubuzima bw'igihugu, zigatuma uwuzironkejwe agira ico yimariye n'ico amariye umuryango hamwe n'igihugu camwibarutse yishimikije urwo rupapuro.

Ingingo ya 13 y'amasezerano mpuzamakungu mu vy'uburenganzira bw'abantu mu vyerekeye amatungo, imibano n'imico kama, ivuga ko ibihugu vyegwa n'ayo masezerano vyemeza ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kwiga amashure.

Biremeza ko inyigisho zitegerezwa kugira intumbero yo guteza imbere umwana mu buntu bwiwe hamwe no gukomeza kwubaha, gutyo agakomeza kwubaha no kwubahiriza agateka ka zina muntu.

Biriyemeza kandi ko inyigisho y'amashure itegerezwa gufasha umwana

kugira ico amaze mu buzima bwiwe, igafasha mu kunywanisha abantu, mu guharanira no mu kwunga ubucuti mu gihugu no mu mirwi y'abantu badahuje amoko canke ukwemera. Ibihugu bishize umukono kuri aya masezerano biremeza kandi ko kugira ubwo burenganzira bwubahirizwe :

- Inyigisho mu mashure shingiro zitegerezwa kuba nk'itegeko kuri bose kandi zigatangwa ku bantu bose ;

- Inyigisho mu mashure yisumbuye, hatibagiwe inyigisho z'imyuga, zitegerezwa kugwizwa kandi abantu benshi bagashobora kuzishigikira ndetse ize nyigisho zigatangwa ku bintu bivanye n'uburyo bw'igihugu ;

- Inyigisho za kaminuzazi-tegerezwa kuronswa bose ata kumirwa, hakurikijwe ububasha bw'umutwe w'umwe umwe, bishobotse ize nyigisho zotangwa ku buntu ;

- Inyigisho ku bantu batashoboye kuja mu mashure shingiro canke batashoboye kuyamara, zikwiye gutezwa imbere. Ibihugu vyegwa n'aya masezerano biriyemeza kandi kwubaha uburenganzira bw'abavyeyi canke abababereye mu kibanza, bwo kwitorera amashure abana babo bigamwo naho yoba atari aya Reta, mugabo ajanye n'imigambi ya Reta mu vy'inyigisho.

1.2. Ingene amategeko y'Uburundi atunganya

uburenganzira bwo kuronswa inyigisho.

Ingingo ya 53 y'Ibwirizwa Nshingiro ry'Uburundi ryo ku wa 7 ruheshi 2018 ivuga ko, umwene-gihugu wese afise uburenganzira bungana nubw'abandi bwo guhabwa inyigisho, indero no kubaho hisunzwe imico kama, n'akaranga k'igihugu ciwe. Reta itegerezwa gutunganya inyigisho mu mashure yayo, ikanorohereza abakeneye kuyajamwo. Naho biri uko, uburenganzira bwo gushinga amashure y'abigenga, buremewe hisunzwe amabwirizwa.

Reta y'Uburundi irubahiriza bimwe bishimishije uburenganzira bwo kuronka inyigisho.

Mu mwaka w'2005, Nye-nicubahiro Umukuru w'igihugu c'Uburundi yarafashe ingingo yo kwigisha abana bose ku buntu. Ikindi kigaragaza iyubahirizwa ry'ubwo burenganzira, n'uko mu migambi nyamukuru ya Reta y'Uburundi, harimwo uwo kugwiza amashure mu gihugu cose, hatibagiwe amashure y'imyuga ku bana badashoboye kubandanya amashure y'inyuma y'inyigisho zo mu mashure y'intango.

Mu Burundi si abana gusa bafise uburenganzira bwo kuronswa inyigisho, kuko n'abakuze batashoboye kuja kw'ishure, barafise amahirwe yo kwigishwa gusoma no kwandika. N'ikimenyamenya, mu bushikiran-ganji bujewe indero yo mu mashure matomato

n'ayisumbuye, hariho igisata kijejwe ico gikorwa.

Ingingo ya 289 y'igitabo c'amategeko agenga ingo n'abantu mu Burundi, ivuga ko kuri se na nyina b'umwana, iteka ryo kurera ririmwo ibanga ryo kumubeshaho n'ukumuha indero bakurikije ingene bamereye n'uburyo bafise.

Ni naco gituma uwudohotse kuri iryo banga ryo kurera, igitabu c'amategeko mpana vyaha categekanije ibihano aheza agahabwa, navyo ni ibi : Ingingo y'538 ivuga ko ibihano vy'umunyoro biva ku mezi 6 gushika ku mwaka umwe n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 100 gushika ku mafaranga ibihumbi 200 bicibwa se canke nyina w'umwana canke umurezi yidohoye, ata gituma nyakuri ku vyo ategerezwa gukorera umwana wiwe. Ivyo bihano bigwizwa na kabiri iyo ukwo kwidohora gutumye umwana agira ingorane zijanye n'amagara yiwe, umutekano canke indero yiwe.

Mu gusozera, twobamenyesha ko uburenganzira bwo kuronswa inyigisho burekuriwe uwo wese avyipfuzwa, yaba umwana canke uwukuze, umwana wese ku rugero rwiwe. Kirazira kikaziririzwa ko mukuronswa inyigisho, haba ikumirwa kuko abantu bose barangana imbere y'amategeko.

Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko
«CPDHPG»

Papa Fransisiko mu rugendo mu gihugu ca Canada.

Kuva kw'igenekerezo rya 24 gushika ku wa 30 Mukakaro 2022, Nyenubweranda Papa Fransisiko yari mu gihugu ca Canada; mu rugendo rugira 37 kuva abaye umuburizi wa Petero mweranda mu mwaka wa 2013. Urwo rugendo rwari rufise i ntumbero yo kurekurirana no gusubiza hamwe n'abasangwabutaka bo muri ico gihugu hamwe n'Ekleziya Katolika.

Papa Fransisiko yagendeye ibisagara bitatu: Edmonton, Lqaluit na Québec. Yakirwa n'umushikiranganji wa mbere nyakubahwa Justin Trudeau hamwe n'abaserukira abasangwabutaka baho.

Ku wa 25 Mukakaro yatangiye ibikorwa vy'urugendo rwiye rushingiye ku gusubiza hamwe n'abasangwabutaka baho mu gisagara ca Edmonton.

Ku wa 26 Mukakaro, ku muni mukuru wa Anna na Yohakimu beranda abavyeyi ba Bikira Mariya basanzwe bahimbazwa ku buryo budasanzwe muri ico gihugu, Papa yagize urugendo rweranda ku kiyaga citiriwe Anna Mweranda.

Ku wa 27 Mukakaro Papa Fransisiko yagendeye igisagara ca Québec aho yahawe umubonano n'indongozi zitandukanye. Ku wa 28 igihe c'isaha zine zagatondo yahereje inkuka y'Imisa ku kirimba ca Bikira Mariya citiriwe Anna wi Beaupré.

Ikibanza bakunda kugiriramo ingendo nyeranda kikaba cakira abakristu barenga umumiliyoni uko



Papa Fransisiko yakirwa n'uwuserukira abasangwabutaka bo muri Canada

umwaka utashe. Kuri uwo muni nyene; igihe cisaha cumi nimwe z'umugoroba yarasangiye igisabisho c'amazaburi n'abepisikopi, abasaserodoti, abadiyakoni, abaseminari n'abamenyeshamana mw'isengero kuru yitiriwe Bikira Mariya.

Mu nyigisho yatanze muri ico gisabisho, yabatumiriyeye kugarukana umwizero muri abo basangwabutaka bakomekejwe n'inyifato zitabereye zaranze bamwe mu bana b'Ekleziya. Abasaba ibintu bitatu:

• **Kumenyeshya Yezu Kristu:** mukurondera inzira nshansa yo kumenyeshya inkuru nziza muri abo bese batarayimenya.

• **Gutanga akarorero ke-za:** Yagarutse ku nyifato yo guhohotera abantu bifatiye ku gitsina vyaranze abana b'Ekleziya. Yaboneyeho gusaba ikigongwe abahohotewe muri ubwo buryo. Ati ibimaramare n'umubabaro bitegerezwa kuba akaryo ko guhinduka. Iryo bara ntirize risubire gushika muri Ekleziya.

• **Umuvukano:** bese batategerezwa kwiyumvam-

wo umuvukano kuko abantu bese bafise ishusho y'Imana. Ntawusumba uwundi. Abatumirira kubaka Ekleziya yengenga, yicisha bugufi, itanga ikigongwe ikongera ikarekura, ikanaherekeza ingendo nziza yo kubaha abandi naho hoba hari ibibatandukanya.

Ku wa 29 Mukakaro, igihe c'isaha zitatu yarahaye umubonano abajezuwiti bari i Québec yongera abonana n'abaserukira abasangwabutaka baho. Yarongeye aja ku mashure abana babo bizeko bakongera bakagirirwa nabi.

Yaramenyeshye urwo rwaruka ko ababajwe cane n'inyifato yaranze bamwe mu bakatolika bahohoteye abo bana mu kubakurako agateka kabo bisunze ingendo itabereye yabaje ku bakoroniza. Yaboneyeho kubaha impanuro zitatu:

• **Gutambuka bashingura:** Yahamagariye urwo rwaruka gutambuka bagana imbere. Ababuza guha umusaya abobahenda babasubiza inyuma mu kubigisha kwiraba bonyene. Yabateye intege yo kumiriri-

zako muri vyose birinde icobononera kikabagirira nabi kandi bitwararike no kubungabunga ibidukikije.

• **Kuba mu muco:** muri iyo mpanuro, yabatumiye kuba mu muco. Mu bihe vy'umubabaro no kwihebura ntibigere bakica intege. Yifashishije amajambo umweranda Yohani Pawulo wa kabiri yabariye urwaruka, yarabibukije ko umuzimiza uhambaye ari uwo ufatiye ku bahanuzi bibinyoma bakura mu mitima y'urwaruka umuco w'ukwemera, ukwizigira no gukunda.

• **Gukorera hamwe:** muri iyo mpanuro ya gatatu yatumiye urwo rwaruka gukorera hamwe kuko iyo urwaruka rugiyeye hamwe rukora vyinshi. Abagereraniriza ko bameze nk'inyenyeri zo mw'ijuru zisayanganisha ubwiza bw'umuco ziri hamwe. Ati urwaruka ruriho ngo rutange umuco.

Inyuma yuwo umubonano, Papa yaciye aja ku kibuga c'indege c'i Lqaluit abanza kuruhuka imbere yuko afata indege imisubiza i Roma igihe c'isaha cumi na zibiri n'iminota mirongo ine n'itanu mu masaha yo muri Canada.

Tubibutse ko Papa Fransisiko abaye umwungere w'Ekleziya wa kabiri agendeye ico gihugu inyuma ya Papa Yohani Pawulo wa kabiri yakigendeye mu myaka ya 1984, 1987 na 2002.

**MSV M.Goreth
NDKUMANA**